- Сэ хуабжьу сигу ирохь Щlалэгъуалэ палатэм, ди Парламентым сыдэлажьэну. Ди депутатхэм, нэхьыжьхэм щапхъэ кьызыгетпхьин, бгъаазэ пхуэхьон хьэл куэд ядыбольагъу. Сытым дежи кьыбрlэпльакъуну хьэзырщ. Сэ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщl сызэращlрэ ильэсым нэблэгъащи, жысlэну сыхуейт си дежи1э зэманыр пшащlэ дыдэу зэрыкlуар, абы кьриубыдэу ди депутатхэм я деж куэд щызэзгъэщlэну сыхунэсащ. Псым и Iэфlыр зыхэзыщlэр псы хуэлlараш. Щlалэгъуалэ Парламентым сыкъакlуэри, унафэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ нэсу кьызгурыlуэн щlэздзащ. Нобэкlэ гугъущ цыху псоми я зэхуэдэу, зыми зэран хузмыхьу унафэ къэбгупсысыныр. Апхуэдэ унафэхэм лэжьыгъэхуэр ирахьелlэ, ахэр хуэсакьыпэуэр, лъэныкъуэ псори зэпашэчуэрэ ятхыуращ. Зэфlагъэкlэжьыгъэм папщlэ, ди гъащlэр нэхъыфl щыным хущlэкъуу, зи гуащlэ хэзылъхьэ ди депутатхэм, фlыщlэшхуэ яхуэсщlыну сыхуейт.

- Щlалэгъуалэр палатэм хэтхэм ящыщу нэхъ жыджэру, жэрдэмщlакlуэу хэт сымэ я щlэ кьыхэбгъэщынт?

- Щlалэгъуалэм жыджэрхэм я гугъу щысщlкlэ, я щlэ кьизмыlуэу схуэзышъыныкъым ХьэlупщыИслъам, Абшуваевэ Каринэ, Моккаевэ Каринэ, Мамбэт Мурат, Егъур Ильяс, Арахъэ Жантемыр, Гъэбее Исмэхьил сымэ, нэгъэущlхэмэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ ди щlалэгъуалэр жыджэру, унэтlыныгъэ зэхуэмыдэхэмкlэ зэфlэкlэ пыухыкlахэр яlэу зэрыщытыр lуэху зэмылlэужьыгъэхэм зрагъпщытыну зэрыхьэзырыр. Ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэтхэнэрэ тлъагъуу, зэхэтхыу, Мыгувэу КъБР-м Щlалэгъуалэ Iуэху-хэмкlэ комитетым сыщылдэжьэну срагъэблагъащ. Пэжыр жысlэнщи, сэ абы сыхьыхьэн мурад сиlакьым, ауэ зи щlалэгъуэ гупым зыкъыхсхунгъаэзэри, кьыздэлэжьэну хуейуэ кьызжиати, «хьуэ» схужыlакьым.

- Политикэм и зэхэзыкlэр, зэхэтыкlэр пльэгъуащ - кьогугъуэкlрэ хьэмэ уи lэнатlэр пфlэгъэщlэгъуэну епхьэкlрэ?

- Сэ хуабжьу сигу ирохь Щlалэгъуалэ палатэм, ди Парламентым сыдэлажьэну. Ди депутатхэм, нэхьыжьхэм щапхъэ кьызыгетпхьин, бгъаазэ пхуэхьон хьэл куэд ядыбольагъу. Сытым дежи кьыбрlэпльакъуну хьэзырщ. Сэ Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщl сызэращlрэ ильэсым нэблэгъащи, жысlэну сыхуейт си дежи1э зэманыр пшащlэ дыдэу зэрыкlуар, абы кьриубыдэу ди депутатхэм я деж куэд щызэзгъэщlэну сыхунэсащ. Псым и Iэфlыр зыхэзыщlэр псы хуэлlараш. Щlалэгъуалэ Парламентым сыкъакlуэри, унафэхэмрэ абыхэм я мыхьэнэмрэ нэсу кьызгурыlуэн щlэздзащ. Нобэкlэ гугъущ цыху псоми я зэхуэдэу, зыми зэран хузмыхьу унафэ къэбгупсысыныр. Апхуэдэ унафэхэм лэжьыгъэхуэр ирахьелlэ, ахэр хуэсакьыпэуэр, лъэныкъуэ псори зэпашэчуэрэ ятхыуращ. Зэфlагъэкlэжьыгъэм папщlэ, ди гъащlэр нэхъыфl щыным хущlэкъуу, зи гуащlэ хэзылъхьэ ди депутатхэм, фlыщlэшхуэ яхуэсщlыну сыхуейт.

- Щlалэгъуалэр палатэм хэтхэм ящыщу нэхъ жыджэру, жэрдэмщlакlуэу хэт сымэ я щlэ кьыхэбгъэщынт?

- Щlалэгъуалэм жыджэрхэм я гугъу щысщlкlэ, я щlэ кьизмыlуэу схуэзышъыныкъым ХьэlупщыИслъам, Абшуваевэ Каринэ, Моккаевэ Каринэ, Мамбэт Мурат, Егъур Ильяс, Арахъэ Жантемыр, Гъэбее Исмэхьил сымэ, нэгъэущlхэмэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ ди щlалэгъуалэр жыджэру, унэтlыныгъэ зэхуэмыдэхэмкlэ зэфlэкlэ пыухыкlахэр яlэу зэрыщытыр lуэху зэмылlэужьыгъэхэм зрагъпщытыну зэрыхьэзырыр. Ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэтхэнэрэ тлъагъуу, зэхэтхыу, Мыгувэу КъБР-м Щlалэгъуалэ Iуэху-хэмкlэ комитетым сыщылдэжьэну срагъэблагъащ. Пэжыр жысlэнщи, сэ абы сыхьыхьэн мурад сиlакьым, ауэ зи щlалэгъуэ гупым жыджэру, lуэху щхьэпэхэр псапащlэ кьаlэт, жылагъуэр зыгъэгузавэ, зыгъэпlейтей ущlэ зэмылlэужьыгъуэхэм ехьэлIа «стlол хьурейхэр» кьыщэрагъэпэщ, яхуэзэфlэкlыр куэдмк машlэми, зи кьару кьымахьхэм здолэпыкьу.

Щlалэгъуалэ палатэм и лэжьэкlэм, зыхунгъэвьыж мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ ззэдгъэщlэну дэ зыхуэздгъэзащ абы и унафэщl Джаппуев Мусса.

- Псом апэрауэ, зи гугъу тщlа гупхэр кьызэдгъэзащlыфмэ, абыхэм кьызэщlауфыдыну щlалэгъуалэр минитlым ноблагъэ. Кьищынэмыщlауэ, республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэд дыдэ щолажьэ икlи я1э унэтlыныгъэ елытауэ абыхэмэ запыщlэн хуейуэ кьызэлъытэ.

- Ныбжьыщlэ куэд уолъагъу, уаIуощlэ, уэ езыр абы уащыщщ? Зи щlалэгъуэм и нэкlэ уахэпльэмэ, сыт куэдэ Iуэхуми жыджэбзэхэр диIэ?

- Си щхьэр лъагэу сIэту жысlэну сыхуейт, ди щlалэгъуалэр ауэ кьызэрымыкlуэу зэфlэкl ябгъэдэкlыу, Iуфэзыгъэу, щlэнмгъэм хуэнэхъуеиншэу, сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру яужь ихьэрэ зэфlагъэкlыу, Iуэху епльыкlэ щlэщыгъуэхэр кьагъэльагъуэрэ гъащlэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри яфlэгъэщlэгъуэну зэрящытыр. Абыхэм хуабжьу грогушхуэ, си кьару кьызэрихькlэ апхуэдэхэм сыт щыгъуи защlэзогъакьуэ. Лъэпкъым и кьэкlуэнур и щlэблэращ, кьэкlуэну дахэ диIэу сыщогучэ.



Фи гукъэкIхэм фахуэсакъ, ахэрщ Iуэху псоми я кьежьапIэр.

БГЫ НЭПКЪ кьыгуэудам уэс кьесагъащlэ теса фlэкlа умыщlэну, хужьыбзэу, нурыр кьызыщхьэщих сабий матьри тесщ. Абы и нэм кьыщlэж нэпсхэр зытеткIуэ щыр кьрилъгъыкI хуэдэщ.

- Сыт ущlэгъыр? - и бгъэдэкIуатн и щlэупщlн зы ищlащ лIыжь мащIыхум.

- Уэхт уэ? - нэпсыр зыщlэз нэм щlэIуэтыхьуэр кьопсалъэ щlалэ щыкIур.

- Умыгъ, си щlалэ, улкъэ уэ, умыгъ, - игъэудэIужьыну хэтщ мо сабийм и хужьагъым нахъэрэ зи фэр нэхъ хужьыж лIыжьым.

Мы щlыпIэм щыпсэу псори хужь лъэпкът. Я псэм и нэхугъэ - хужьыгъэр арт я фэми кьинъэльагъуэр.

Кьъэкlий зыщхьэщысыр гум щIыхьэу кьегъэпсалъэ щlалэ щыкIум. Езыр хужь щхьэкlэ, и набдзэри и нэбжьыщри фIыщlабзэт, Iупэ тхъуэплъ пIырыпI щIыкIуэр нэпс щыугъэ гуащlэм мащIэу зэпнгъэтхъат. Абы нэхъри сабийр пфlэгуэныхъ ищlырт. Цыкlу псори дахэкъэ-тIэ, ауэ сабийр зыпэпщl хъун щыщхьым. Псом хуэмыдэу щlэнщэщ сабий гуфlэм и нитIыр. Гъащlэ псо ящlэтщ абыхэм. Щыхур щынасыпыфlэфынур и сабингъуэ закъэрщ... Сабингъуэ кьыщэрыдита кьудеим щхьэкlэ дыззэрпсэр куэд и уаси, а псэным сыт хуэдиз гугъуехьрэ бэлыхьрэ пыщIами.

- Уи закъуэу щхьэ утес мыбдеж, щlалэфI? - йоупщl дадэ лъагъугъуафIэр.

- Сэ зыри, зыри кьыстхуеижкъым, - гур хигъэщу и макъыр дрешей.

- Зыри зыхуэмей щыIэкъым, - и макъым кьыщlэувэ джэрпэджжэм жиIэр тIуащlэу уи фIэщ ищIу мэпсалъэ мыдрейр.

- Сэ зэи цыхуэхэм я дунейм сытрагъэхьэнукъым. Кьысхуэмеиуэ кьалъагъэри саукIыжащ, сыльлаIуэ, сыкIийуэ, кьызэмыплIу. Сыкъынтэнащ си мамэ, дунеитIым и зэхуаку сыдэту. Сэ, пщIэрэ, сльэгъуащ дуней, а псори зытепсэлъыхь дунейм и хьэуакIэ сыбгуащ, и ерыскъы сIухуащ, ауэ... Апхуэдизрэ зи гугъу кьыскухащlу си нэ кьыхункIыу сызэжьа дунейм сыкъндакъым.

- Укьымыдауэ ара, хьэмэ...

- Си мамэ, псом нэхърэ нэхъыфIу сIьагъу, мы сыкъэзыхуэрепьхьпсом щызэIэ, гуауэ куэд, гуэныхь куэд зыдэзгъэва си мамэ сригъэукIащ, - и сабий Iэгу цыкIухэмкIэ балигъынэхэр щIехьумэ.

- Сыт дунейр зэрыпщIынур? Гугъуехьрэ хьэзабкIэ псыхъащ ар. Укъэмыдамэ, нэхъыфIыххэщ. Гуэныхь здэщыIэ гъащlэм хууеиххэкъым. Абы укIуамэ, кьабзэу, нэхуу укьинкIыжьфынутэкъым. УебIэмэ, фIыщlабзэ ущыхъунэ хъатщ, Iр уэ ymы-щIыху псалъэмакъ, зэрыкIуэ, нэпсеигъэ, фэрыщlыгъэ здэщыIэщ. Куэд насыпыфIэ щIыхьрыкъым уи нэр а кьызыхуикIым.

- Абы анэ щыIэщ, анэ гуапэ, анэ гуакIуэ, анэ щlэгъ. Сэ кьызжаIэжащ абы зы зэман мащlэкIэ ягъэкIуауэ кьэкIуэжаxэм. Абыхэм жаIэрт анэм папщlэ уIэнри, укьалъхунри, упсэунри зыми щIымыщу. Бзылъхь псорри пIэпгъэхъуж анэм и бзэрабзэ маткъым. Сэ сисащ анэ куэщl, анэм игу пIащэрщ, нэхъри нэхъ гуакIуэкъым. Ауэ сэ сызыщыщтар абы и псэм ирищlэкIа фIыщlагъэрт, махуэ кьэс багъуэу, зиубгъу... Мамэ, мамэ, сыту куэдрэ сегупсысрэт а псалъэхэр яIэу ныщыбжеСIэнум, ныззэрыбжеСIэнум. Слъагъу сфIэщырт уззрыгуфIэнур. Сыкъэбырсейрт дунейм сыщыпсэуну, зыпщыгъмыгъэнщlу жэщкIэ зыпхуэзгъэкынну, жей жьхуаIэр пщыгъупщжауэ укъызэрысщхьэщытынур, укъыстхуэсакъыу, сэ зезгъащlэгъуэкIыу, уи макъыр си гущэкъу уэрэду, уи къэшIыр гущапIэм я нэхъ щабэу. Ауэ быныр зритам и унафащхькъым ...

Нэбжьыщ Iувым хэпъ нэпс ткIуэпсыр иригъэщlкIри, зытес нэпкым ельащ сабийр. Абы ищlэр дадэм зэрилъагъуу, и Iэр идэри дамэ иритащ, Дамитlым ирахьажьва сабийр адрей нэпкым кьыстетIыхьхьэкащ, гуфIэжу.

- Солъэтэф, дамэ сиЗщ, зызоIэт, - и фIэщ мыхъуу гъагэу долъэтей. Сабий кьаурур сытым хуринкъым, зэрызигъэзэрахъуэу кьохуэхьыжри, дадэм и Iэплlэ щабэм кьоХуэж.

- Сыт тезыр теслъхъэн быну узмыдам? ЖьIпIэрщ хуэфэщэнур...

- Мами? Хьэуэ, хьэуэ, сэ ар гугъу ехьыну сыхуейкъым, абы и зэранкъым ар, и гугъу умыщlзакъэ. Содэ зэи сыкъамыльхунми, гъащlэ жьхуаIэр кьызамытынуми, псори фызотыж, ар зэу мамэ и гугъу фымыщl. Сыпивольэу...

- ЛIыжьыр, зэрихьэлу, щабэу погуфIыкI.

- Зи псэ кьабзэр зэкIужщ, лъагъугъуафIэщ, абы пэжыр, дахэр и плъапIэ, и щхьэр я щхьэуэзыхьщ щlэупщlэ псомн. Аращ апхуэдэхэм гъащlэ щlамыщlэн... Хьунщ, уи щlыжьыпIкIэ, уэр папщlэ мы зэкIэ кьэдгъэнэщ, ауэ абы сыт щыгъун уэ дэIэпыкIуэгъу ухуэхъуфынукъым, ар уи гугъэу ухуэмыльагъуэ. Езыхэм я Iизынынщэу зи бын кьызыIахьыжхэм я щыкIуэхэр я кьэрэгъуI бжьыхьщ, ауэ псэ эзттар зи Iэкlэ зыукIыжам хуэфащэрщ игъэтыжынур...

Дамэ зрата сабийр дунейм кьытехьэну, дунейм тетхэм якIэпыпIынну хунт ящlащ, ауэ щIыхуэхэм ямыльагъуу, щэхуу. Арати, пшэ Iувыр и зыгъэпщкIупIэу, куэдрэ, куэдрэ якIэтхьапIащ а щIыкIур щIыхуэм, Iэджэ мыхьуумыщlагъы ядилъэгъуащ. Ильэгъащ псэ кьабзэ кьаплъхур зэрауцIэпI, зэрыкIуэд, зэрыуэнэхьу щыкIэр. Зи кьэхьыр мащlэ щIыхум, нэхъ льапIэу иIэ псом и нэхъыбапIэр фIэкIуэдауэ, тыгъэ кьыхуэзышlар зэригъэгуфIэн льэпкъ имыIэу и пащlхэ зрихьэжьыр. Ильэгъурт псэ фIыщlэр хужь зэращlыжыр, гуэныхьыр кьэхьыгъуафIэ щхьэкIэ, зэрымыпшынижыгъуафIэр. Iей куэд ядилъагъурт абы щIыхуэм, куэдрэ игу щlабгъдэкIи кьэхьырт. Ауэ сыт нэхъыбэу щыкIур дэзыхьэхьуу увыIэгъуэ имыIэу щIым тетхэм щlаХэплъыхьыр жьIпIэмэ, защиГъэщlыртэкъым абы анэхэм якIэтъыпIпхьн. И нэпс пIащэр кьыфIыщlэхуу, кIэлъыхъуапсэрт анэм гуфIэу игъэджэгу сабийм. Анэкlэ узэджэ мыхьун куэд ильэгъуа пэтми, гуаун, гуащlи, мыхъумыщlи щыщыгъупщжьырт абдеж. Езым псори щlитIыну хьэзырт, дакъикъ бжьигъэ нэхъ мыхъуми, а сабий насыпыр зыхищlэн папщlэ. Абы гу кьыльтэнтэкъэ? Кьыльатащ, Дамэ кьезытам езым нужь иригъэувэри бгылъэ щIыпIэхэм щхьэпришурэ, жьыжьэ дыдэ кIуэцIрищlащ.

- Мор кьэпщlыхужьрэ? - и Iэпэр еший зи ныбжьыр зэкIуэта щIыхуэбзым дежкIэ.

- Ар сщlыхуу щытакъым сэ, - зэрыIэнкуну кьетыж жэуап мыдрейми.

- ФIыуэ епIь.

- Сщlыхуркъым...

- И бэуэкIэм, и ун и кьеуэжьр.

Цыхубз жеIм бгъэдыхьэри, и щхьэр и бгъэм трилъхьащ. Нэпlащэхэм я лыдыкIэм гурыIуэгъуэ ящlырт, кьезыпхэкIа щIыхубзыр сабийм кьызэрищlыжьхар.

- Ар дауэ? Мыр...

- Анэ пхуэмыхьъаращ.

- Сэ кьызэрысщlыхьуам хуэдэу щыткъым мыр. Кьызэрысщlыхуэжщ щыта и анэл пIащэр дэнэ кIуа? Сытэи жьы хьуа? Сэ мыр иджы анэ схуэхьужуну? Сыту бжесIэн хуей куэд сиIэ сэ, мамэ...

- Къэгъанэ, гущlэгъу зымыщlэ гущlэгъу хуэфащэжьым. ДунеягъэкIи ахъэрэткIи иппынныжьнущ абы и гуэныхьыр. Апхуэдэхэм бын и IэфI зыхащlэну яхуэфащэжьым. Аракъым уэ уи анэр...

Зызычэтхъэж, анэ пьапэм кьахуэкIэрымычыж сабийр быдэу иныгъуэ лIыжьым кьишэжри, имыгъэззэжьын папщlэ, ирита дамитIыр, кьытрихьжащ. Абы иужьрей а щlыпIэм сабий нурыр щlалъэгъужакъым. Ауэ гъэщlэгъэнрахъэ, зэрыжьаIэмкIэ, куэд дэмыкIыу нурыр кьыщхьэщихьыу щlыпIэм щlалъэ цыкIу кьызщlалъхуащ...

- Лъэныкъуэрыбгъэр щабэу погуфIыкI анэл пIащэ зи нэкIум хэс анэр гъащlэ ныкъъэкIэ зыщlэхъуэпсэ быным щабэу, хуэсакъыу, еIущащэу щIыльагъуэкIэ. Мыдрей цыкIуми зэрыльэкIкIэ анэ бгъафэм зыщlэрыфIэ, и щlыхуэу анэм кьытехуэр игитащIыным хуэдэ...

● Псалъэжьхъэр

Джэгур уджкlэ яух

t УзымыIэтыну къудамэм утемыувэ.
t Псэр ящэри, напэр кьащэху.
t Пщащэр пагэмэ, ябгынэж.
t Дахэу ябз дахэу ядыжьркъым.
t Жьым кьихьыр псым ехьыж.
t Псым и жапIэр езым кьегъэтъыж.
t Псыр гъужми, жапIэр кьонэ.
t ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.
t Дахэ и щIагъ дыщэ щIэлъщ.
t Жьэ лIыкIэ нэхърэ щхьэ лIыкIуэ.
t Уи жьIэ уи Iуэхукlэ гъдахэ.
t Гугъуехэ зымыльэгъуаэм тыншыгъуэ ищlэркъым.
t Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдиз и бгъуагъщ.
t Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.
t ДахэжьIэ нэхърэ - дахащIэ.
t Джэгур уджкlэ яух.
t Е лъыхъуэ зэрыгъэ и ехьыж.
t ЖьантIэм ущIэмыкъу - пхуэфащэмэ, кьыплъысынщ.
t ЗэгурыIуэ гущэщ.
t ИкIэм упитни зы гуп яхэт.
t КIыфIми укъыщалъагъу, губгъуэми ущызэхах.
t ЛъапэкIэ хьифIэбдзэр дзапэкIэ къощтэж.

Адыгъ хабзэр, адыгагъэр лъэпкъыр зы зыщl, зэщlэзыубыдэ, зэщlэзэмыIыгъэ Iуэхуэшхуэ дыдэу щытащ.

Хабзэм щыщ Iыхьэхэр

ДИ ХАБЗЭМ и фащэ нэхъыфI, нэхъапэ дыдэхэм ящыщщ адыгэр Iэнэмэ дыдыгэ нэмысымрэ Iыгъынэр, гъэзэщlэныр. Абы кьызэщIеубыдэ цIыхум и щIыхьыр зэримыгъэпудыныр, и щхьэ хуищlыж пщlэр, захуагъэр, пэжагъэр, уIытэр, щыгъыкIэр, гулъытэр, нэхъыжьыр гъэльэпIэныр, бзылъхугъэр лъытэныр, сабийм хуэсакьыныр, нэгъэущlыр уи щхьэм пщыпынр, н.къ.

Адыгэхэм я нэхъыжьым хуащl пщlэмрэ щIыхьымрэ я лъабжьэр кьыщlежьэр я нэхъыжьхэм ябгъэдэль акъылырщ, Iущагъыщ, гупсысэрщ. Адыгэр япэкIэ кIуэ нэхъыжьым зэи кIэльыдыжьэркъым. Абы льащlохьэ, и сэмэгурабгъэр зрагъэгъэуэ, фIэхъуэ ирахри, итIанэщ зыщlуэйкIкIэ щеупщlыр. Псалъэмакъ екIуэкIыу щытмэ, нэхъыжьэ и псалъэ зэпаудыркъым. Уеблэмэ, зыгуэр жалэну хуеймэ, абы хуит зыкъраГащlэ.

Нэхъыжь къэхьыкъэну, гупыр мэтэдж, дэнэ и дежи, сыт щыгъуи. Ауэ мыбы гу лъытапхъэщ. Гуфlэгъуэ, хьэгъуэлIыгъуэ Iэнэм нэхъыжь кьахьыхьамэ, е нэхъыжьым щхьэкlэ Iэнэм пэрысхэр тэджауэ зы бжьэ ефэ нэужькIэ, а Iэнэм и тхьэмадэр кьэтэджжьыртэкъым, е кьэтэджьын хуей хьуамэ, и пIэкIэ зыгуэр Iыхьэ зыгъэ-кьэнэну унафэ хуищlырт. Ерыскъы зытелъ Iэнэм нэхърэ нэхъыжь щыIэкъым, абы пэрымысIауэ кьэбгъэнэныр хабзэм кьебзэгъыркъым.

Зыхуэтэджжьр нэхъыжьым и закъуэтэкъым. Къотэджри, нэмыс хуащl хьэщlэми, бзылъхугъэми. Гъунэгъути, жьмэти - зэхэгъэж щыIэкъым. Я щхьэмсым щхьэкlэ Iэнэм пэрысхэр тэджауэ зы бжьэ ефэ нэужькIэ, а Iэнэм и тхьэмадэр кьэтэджжьртэкъым, е кьэтэджьын хуей хьуамэ, и пIэкIэ зыгуэр Iыхьэ зыгъэ-кьэнэну унафэ хуищlырт. Ерыскъы зытелъ Iэнэм нэхърэ нэхъыжь щыIэкъым, абы пэрымысIауэ кьэбгъэнэныр хабзэм кьебзэгъыркъым.

Зыхуэтэджжьр нэхъыжьым и закъуэтэкъым. Къотэджри, нэмыс хуащl хьэщlэми, бзылъхугъэми. Гъунэгъути, жьмэти - зэхэгъэж щыIэкъым. Я щхьэмсым щхьэкlэ Iэнэм пэрысхэр тэджауэ зы бжьэ ефэ нэужькIэ, а Iэнэм и тхьэмадэр кьэтэджжьртэкъым, е кьэтэджьын хуей хьуамэ, и пIэкIэ зыгуэр Iыхьэ зыгъэ-кьэнэну унафэ хуищlырт, е шым кьепсыкIэ.

Унэми, Iэнэм пэрыIыхьэмэ нэхъыжьым езым и тIысIпIэ иIащ. Ар зыхуэзэр жьантIэрщ. Унэм и жьантIэр зэхъэлар кьиззэрахутэр жьэгум елъытауэщ. Ар унэм ущщlыжьажьэ бжьм и сэмэгурабгъэр. Нэхъыжь щlэс, хьэмэрэ щlэмыс щlыIэтэкъым, абы и пIэм зыри итIысхьэртэкъым, зригъэужIрИен дэнэ къэна. Я адэ щыту, е щысу абы и къуэ балигъ, бын унагъуэ хъужажэ ирыскъыртэкъым, тутын ефэу ирагъэлъагъуртэкъым, фадэ ефауэ, чэфу я адэ бгъэдэхьIэ жьыхьэлIэр - Iэмал закъуэ зимыIэт.

Нэхъыжьым щыхуэтэджыр ар щlалъагъум и зыхьэтэкъым. Ар щlалъагъуэ зыгъэ-кьэнэну ирамыгъащlэу ежьэртэкъым. Абы кьагъэзэжамэ, ящу зыщlэуупщlэр нэхъыжьым. Щlыху гъэсауэ, адыгагъэ щlыхугъэ яхэлъу ялъытэрт нэхъыжь лъэныкъуэм, ауэ щlэнэрылIэхэр, гъэхуэщlыр, дунейм хьыбар зэзыгъащlу, дэтхэнэ зыми ядэлIлъагъур уемыгупсысу уи гъащlэ хэплъхьэну, хьыпщlэну ущыхэтыщ, уи хабзэ дахэм и пIкIэ.

Кьызыщыхъу щыIэщ хабзэ умыгъэзащlэу зэрыгъуэрыр. Ауэ лъэпкъым къикIыж щыIэкъым. Зи нэхъыжь зымыгъэнэхьыжьым, зи адэ-анэ елъэстауэм, зи бзэ, зи хабзэ лъэныкъуэ езыгъэзым сыт хуэдэ щlэпхъэльатэрэ, апхуэдэхэм адыгэхэм я дзыхь ирагъэзырт-экъым. Жьэлэрт: «Бзаджэр уи цей кьуащlэ кьыстетIыхьхьамэ, пIыупщlи кьэгъанэ».

МАФIЭДЗ Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым къитхыжащ.

НапэкIуэдыр зыгъэхъэзырар ИНЭРОКЪУЭ Данэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Фестиваль-зэпеуэ

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэм» ныбжьыщIэхэр егъэгушхуэ

Налшык къалэ дэт гимназие №29-м «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» эн ч»эзу фестиваль-зэпеуэр мазхунтIкIэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщауэ щытащ 2008 гъэм. Абы IыгъыкIэ щIэныгъэм щIэныгъэ щIэныгъэ 53-м къыхэкIа сабий минри 9-м щIигъу.

МЫ ГЪЭМ ныбжьыщIэхэр зэпеуэ лIэужьыгъуэу 8-м щыIэхьэзэхуащ: сурэт щIыныкIэ, декоративно-прикладнэ гъэзджэкIэ, эссе тхыныкIэ, медиа-артымкIэ, хореографиемкIэ, лъэпкъ, эстрадэ кIэлъыр, уэрэдэр гъэзэщIэныкIэ, лъэпкъ макъамэ Iэмэсымэр гъэIурыщIэныкIэ.

Фестиваль щIэщыгъуэу, удэзыхьэхьу екIуэкIащ. СурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр хьэзыру кхъахьатм, атIэ зэпеуэр щIидза нэужь, пэш щхьэхуэзэм абы щIыпIэрыващ. ЩыкIуэхэм дихьэхыу ящIырт нарт эпосым кхъэ-щIыкъ лIыхъужьхэм я сурэтхэр, теплъэгъуэхэр. Ахэр щIэщыгъуэ щIэхъуэкIырт сабийхэм я гупсысэ бзыгъэхэр лэжьыгъэм зэрыкъэхъыжьыпущ. Сигуапэщ, сабийхэм дэтхэнэ гъэпкъ Iэмэсымэми, уэрэдми, къафэми, хъыбарми езыхэм я гупсысэм кьигъэщыжа щIэщыгъуагъ зэрыкъэхъыжьыпущ. Сигуапэ, сабийхэм ныбжьыкIуалIэ сабийхэм щытхъу яхуэфащэщ, жыпIэмэ аэращ къызэдгъэпэща Iуэхум щынэхъыщIэхэри, проектыр япIэ гъэкIуэтэныжкIэ сгъэзгъэ хъури.

Пажь Борис жиIащ проектыр пхыгъэкIыныжкIэ, абы зегъэубгъуэныжкIэ КъБР-м и унафэщIхэр, Егъэджэныгъэм щIэныгъэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Цыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жьлагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствохэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр щIэныгъэкъуэныгъэ къэзэрыкъуэхъур икIи абыхэм ину фIыщIэ зэрахуищыр.

- ЩIэблэр щэнхабзэм, гъэзджэм дегъэхьэхьныжкIэ мы фестиваль-зэпеуэм мыхьэнэ ин иIэщ. Ди мурадщ ныбжьыщIэхэм я гум дахагъэ къыщыдгъэушыну. Сиригъэщ нарт эпосым и гъалъэм абыхэм гуапагъэ куэд трагъуэтэну, - жиIащ Налшык къалэ щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэ Щэджэм Заремэ.

- Си гуапагъ Iуэхум хуэмыдежи щIэблэ гурыкъуэ дыдзэриIэр. Лэжьыгъэ зэмылIужьыгъуэ вгъэзэщIахэм дэри дагъэгушхуащ, - жиIащ сабийхэм я къызыкъуаха зэфIэкIхэр зыгъэщIэгъуэ, Лъэпкъ Iэщ1агъэхэмкIэ центрым и лэжьакIуэ Урыс Аслъэн.

Зэпеуэм къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэр щIыхь тхыльхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ игъэгуфIащ.

Сабийм и акъылым, и гупсысэм зезыгъэужь мыпхуэдизу зэпеуэхэр сэбэныпагъ зыпыкIыщ. Абы хэткIэрэ, ныбжьыщIэм имыгугъэхха зэфIэкIхэм зэрыщыгуфIыкIыр:

- Щэнхабзэри, гъэзджэри, литературэри къызэщIэзыубыдэ ди зэпеуэр зытеуухуэжар нарт эпосырщ. ХъугъуэфIыгъуэкIэ къулей эпосым ныбжьыщIэхэм акъылкIыхьхьыфIыпущ. Си гуапэщ, сабийхэм дэтхэнэ гъэпкъ Iэмэсымэми, уэрэдми, къафэми, хъыбарми езыхэм я гупсысэм кьигъэщыжа щIэщыгъуагъ зэрыкъэхъыжьыпущ. Си гуапагъ Iуэхум щынэхъыщIэхэри, проектыр япIэ гъэкIуэтэныжкIэ сгъэзгъэ хъури.

Пажь Борис жиIащ проектыр пхыгъэкIыныжкIэ, абы зегъэубгъуэныжкIэ КъБР-м и унафэщIхэр, Егъэджэныгъэм щIэныгъэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Цыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жьлагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствохэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр щIэныгъэкъуэныгъэ къэзэрыкъуэхъур икIи абыхэм ину фIыщIэ зэрахуищыр.

- ЩIэблэр щэнхабзэм, гъэзджэм дегъэхьэхьныжкIэ мы фестиваль-зэпеуэм мыхьэнэ ин иIэщ. Ди мурадщ ныбжьыщIэхэм я гум дахагъэ къыщыдгъэушыну. Си гуапэщ, сабийхэм я гум дахагъэ къыщыдгъэушыну. Си гуапагъ Iуэхум щынэхъыщIэхэри, проектыр япIэ гъэкIуэтэныжкIэ сгъэзгъэ хъури.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Зэгухьэныгъэхэр

«ЩIыуэпсым и ныбжьэгъуэхэр»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту Котлярэвскэ жылагъуэм дэт курыт школ №98-м щолажьэ дыкъэзыухъурейхь дунейр къуэмэным телажьэну гукъыдэж зыщIа еджакIуэхэм я клуб. Ар хуэунэтIащ ди щIыпIэр зыгъэдахэ мэзхэм якIэлъыплъыным.

МЫ ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ къекIуалIэ цыкIухэм дерс щхьэпэхэр драгъэкIуэкI мэзхэм къущыкI жыгхэм, къэкIыгъэ зэмылIужьыгъуэхэм ятеуухуаду. НыбжьыщIэхэр мэзым и къабзагъэм зэрыкIэлъыплъым къищынэмыщIауэ, абы щыхасэну жыгыщIэхэри хабзэ пыухыкIам тету къыхах.

Клубым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныжкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къахуохъу «Май районым и лесничествэ» Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэм кърат чэнджэщхэр. Зэгъуэзу ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм ялкъ иткIэ, школакIуэхэм хасэну ягъэхьэзырыдащ къущхьэхурыщIа (ольха черная) жыгы щIэ цыкIуэхэр. Апхуэдэ нэхъапэми щIыпIэ зыбжанэм щыхасэну хунэсащ. Къапщтэмэ, мы жыг лIэужьыгъуэрщ ди мэзхэм я нэхъыбэр зэтезыIыгъэр.

Ильэси 10 хьуауэ клубым и унафэщI Логачевэ Любовь къызэрыкIэщамкIэ, щIыуэпсым и ныбжьэгъу нэсхэр фIыуэ зэрылажьэм и мызакъуэу, къагуроIуэ щIыналъэхэмкIи, мыбы щыпсэу цыкIухэм я узыншагъэмкIи мэзхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Узыншагъэ

Гъэмахуэм зыхуагъэхьэзыр

Сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэу Тэрч районым щыIэ «Налмэс» лагерыр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм хуэхьэзырц.

АБы и Iэгъуэблагъэр мы махуэхэм зыхуэИ хуагъэзащ Тэрч район администрацэм, егъэджэныгъэмкIэ управленэм, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм, «Тэрчтеплосбыт», «Тэрч домоуправленэ» Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм.

ЦыкIухэм гъэмахуэр щагъэкIуэну унэхэри зыхуей хуагъэзащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Iуэрыуатэмкlэ щIыналъэ фестивалым ипкъ иткIэ, Малкэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м зэIущIэ щхьэпэ щекIуэкIащ.

МЫ IУЭХУМ жыджэру хэта еджакIуэ 19-м щIыпIэ администрацэм къыбгъэдэкIа стипендие щхьэхуэ зэрыхуагъэувамкIэ дэфтэрхэр яритыжащ Дэлыкъуэ район администрацэм и Iэтащхьэ Шэт МэчрэIиI. Район унафэщIым къыхигъэщащ фIыуэ еджэхэу икIи зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдеджакIуэфIхэм адэжкIи къыхэхъуэну зэрыгугъэр.

Куей администрацэм и жэрдэмкIэ иджыри зы Iуэрыуатэмкlэ щIыналъэ фестивалым ипкъ иткIэ, Малкэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №3-м зэIущIэ щхьэпэ щекIуэкIащ.

МЫ IУЭХУМ жыджэру хэта еджакIуэ 19-м щIыпIэ администрацэм къыбгъэдэкIа стипендие щхьэхуэ зэрыхуагъэувамкIэ дэфтэрхэр яритыжащ Дэлыкъуэ район администрацэм и Iэтащхьэ Шэт МэчрэIиI. Район унафэщIым къыхигъэщащ фIыуэ еджэхэу икIи зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдеджакIуэфIхэм адэжкIи къыхэхъуэну зэрыгугъэр.

Куей администрацэм и жэрдэмкIэ иджыри зы

● Егъэджэныгъэ

НэхъыфIхэр ягъэпажэ

Iуэхуфl къыхалъхащ, Дэлыкъуэ щIыналъэм ит курыт школхэм щезыгъаджэхэри щIыкIуэхри щыгуфIыкIыIаущ, щIыпIэхэр зэщIэгъэхьэбзэныгъэ щхъуантIагъэхэр хэсэныгъэ ехьэлIауэ республикэм иджыпстуи щекIуэкI мазитI лэжьыгъэм щытекIуэ школхэмкIи саугъэтхэр къапонлъэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм теухуауэ Урысей МВД-м и органхэмрэ Iэнатlэ хэхахэу КИФЩI-м и щIыпIэм щыIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я зэхьэзэхуэ Тырныаузкъуалэм махуитIкIэ щекIуэкIащ. Футбол цыкIу, волейбол, стIолыщхьэ теннис, гиревой спорт, армрестлинг, кIапсэ зэпекъу, эстафетэ зэпеуэхэм дихьэхуэу кIэлъыплъащ абы къриихьэлIаухэр. Зэхьэзэхуэхэм ехьэлIэныгъэхэр щызыIэрыгъыгъэхьэхэр щагъэлъапIэм хэтащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Васильев Сергей.

СПОРТСМЕНХЭМ я къару хуэзащIагъэуIащ екъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэныж. Ипэжыпlэкlэ зэхьэзэхуэр спорт махуэшхуэм хуэдиущ икIи абы кIэлъыплъыну къеуэлIэхэм, Iуащхьэмахуэ куейм щыпсэуэхэм гукъыдэж ягъэтащ.

Судьяхэм зэхьэзэхуэм кьрикIуэхэр зэхалъхьэжьыху, стадионым щызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ «Салам» сабий хореографие ансамблым, зауэ лъэхъэнэм и уэрэдхэр ягъэIуащ.

Полицэм и генерал-майор Васильев Сергей зэхьэзэхуэм хэтхэм защыхуигъаззэм, зэхьэзэхуэм кьыщагъэльэгъуэ зэфIэкIым, текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэм папщIэ абыхэм фIыщIэ яхуищащ.

«Псоми яльагъу, - кьыхигъэщащ министрым, - Къэбэрдей-Балькъэрым щытыкIэ зэпIэзэрыт зэрыщыззэтеувэр. Абы кьегъэлъагъуэ гупым, фэфшыщ дэтхэнэми республикэм щыпсэуэхэм я щынагъуэ-щагъэр хуэмэным ирихьэлIэкъарур псыхэкIуадэ зэрымыхъур».

Iуащхьэмахуэ куейм щыпсэуэхэм я щIэкIэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Шаликаров Аслъэн хабзэхъуэмэхэм фIыщIэ яхуищащ щытыкIэр зэрызэтрагъэувэжьым папщIэ. «Фэ фхуэзэфIэкI къэвгъанэркъым районым щыпсэуэхэр мамыру псэун папщIэ», - жиIащ абы.

Я кьалэным ехьулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну, ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ къызэхуэсахэм ехьулIэхуащ КъБР-м щыIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и унафэщI, къэрал кIуэцI кьулыкъым и полковникыу отставкэм щыIэ **Думай Борис.**

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы кьриихьэлIаухэмрэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда сэлэтхэр ягу кьагъэкIыжащ.

Зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэм саугъэтхэр ираташ. Бжьипэр зыубыда командэм - Урысей МВД-м и Оперативнэ штабым и гуп зэхэтым - ЖК-телевизорыр лъысащ. Щыпащ куей, кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм кьабгъэдэкI саугъэт щхьэхуэхэр.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Футбол

Хэт хьэрхуэрэгъу къытхуэхъунур?

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр и кIэм нэблагъэщ - къэнэжар джэгуГъуэгуIщ. Мыгувэу нэIуэ къэхъунущ гуп нэхъыщхьэм игъэзэжьын папщIэ «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу къыхуэхъунур хэтми.

ПАСЭУ зэраубзыхуам ипкъ иткIэ, премьер-лигэм 2012-2013 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм епщыкIуащэ увыпIэр къыщIэзыхьыр япэ дивизионым еплIанэ щыхъуэм дэджэгунущ, епщыкIуплIанэм класс нэхъыщIэм и ещанэ командэр нэхъуэкъуэгъуэ къыхуэхъунур. Ахэр IорыпIэ зэIущIа иужькIэ (я стадионхэм гъуэгурыгъуэрэ), нэхъыфIыр къэралым и футболист нэхъ лъэщхэм къыкIэлыкIуэ зэпеуэм щапэщIэтыгъуэ.

Иджыпстуриэ щытыкIэм тепщIыхьмэ, япэ дивизионым ещанэ увыпIэр щызыIыгъ «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъунущ премьер-лигэм зэкIэ епщыкIуплIанэу къыщыкIуэ Самарэ и «Крылья Советов»-р, «СКА-Энергия»-р пэщIэтыгъуэ Пермь и «Амкар»-м. Арщхьэкlэ къэнэжа кIэух зэIущIэхэм апхуэдэ зэпэщIэтыныгъэхэр зэрихьуэжьыным шэч щIагъуэ хэлъкъым. Ныкъуэкъуэгъу къытхуэхъунухэм яхьыхьэфынущ Новгород Ищхьэрэм и «Волга»-р, Дон Iус Ростов и «Ростов»-р, Перм и «Амкар»-р. Псори наIуэ къыщыхьунур нахьыгъэм и 26-рац.

ЗэкIэ ущыуэнкIэ умышынащэу пхужьIэнураци, Владикавказ и «Алания»-мрэ Саранск и «Мордовия»-мрэ, зы илъэс фIэкIа хэмытауэ, премьер-лигэр ябгынэ. Абыхэм я пIэкIэ гуп нэхъыщхьэм кIэунущ Свердлов областым и «Урал»-мрэ Томск и «Томь»-мрэ. Зы телъыджэ гуэр къэхъун хуейщ, нэгъуэщIу къыщIидзын папщIэ.

Къэралым и чемпионри зэхэкIа хуэдэщ. Абы и къару къызэрихькIэ зричауэ хуокIуэ Мэскуу и ЦСКА-р. Ар иджыпстуикIэ Санкт-Петербург и «Зенит»-м очкоитхуэкIэ щхьэщыкIащ икIи дыщэ медалхэм пэIэщIэ хуэзыщIыжыр зы очко зыкъуэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	ЦСКА	28	20	3	5	49-22	63
2.	«Зенит»	28	17	7	4	50-24	58
3.	«Анжи»	28	14	8	6	43-32	50
4.	«Динамо»	28	14	5	9	41-33	47
5.	«Рубин»	28	14	5	9	36-24	47
6.	«Кубань»	28	13	8	7	47-28	47
7.	«Спартак»	28	13	6	9	48-39	45
8.	«Терч»	28	13	5	10	33-38	44
9.	«Краснодар»	28	12	6	10	45-36	42
10.	«Локомотив»	28	11	7	10	36-33	40
11.	«Волга»	28	7	7	14	27-43	28
12.	«Ростов»	28	6	8	14	25-38	26
13.	«Амкар»	28	6	7	15	31-49	25
14.	«Крылья Советов»	28	6	7	15	27-47	25
15.	«Мордовия»	28	5	4	19	28-54	19
16.	«Алания»	28	3	7	18	25-51	16

ЕхьулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа спортсменхэм ящIыгъуэ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №24-м и унафэщI Хьэщlэмыз Светланэрэ тренер Къэрмокъуэ Амурбэчрэ.

● Каратэ киокусинкай

«Дайдзи» спорт клубым и гъэсэнхэм я ехьулIэныгъэхэр

Кропоткин къалэм (Краснодар край) щекIуэкIащ каратэ киокусинкаймкIэ IпщэфедералIэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьныжьмкIэ зэхьэзэхуэрэ чемпионатрэ. Абы къриихьэлIащ Дагъыстэн, Къэбэрдей-Балькъэр, Шэшэн республикэхэм, Ростов областым, Кропоткин, Анапэ къалэхэм я спортсмен 230-рэ. Ди республикэм и щIыхьыр зэпеуэм щахьумащ Шэрджэс Заурбэч зи унафэщI спорт школ хэхам и гъэсэнхэм.

ПАШЭныГъЭ къэхьыныжкIэ зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ Ахьмэт Аланэрэ (кг 30) Балькъыз Ратмирэ (кг 35).

Чемпионатым текIуэныгъэ щызыIэригъэхьащ Сафарян Артур (кг 70-м нэблагъэ). Лу Таймураз (кг 80-м щIигъу) етIуанэ увыпIэр кьихьащ. Мэршэнкъуэ Кьантемыр (кг 65-м нэблагъэ) ещанэщ. КьыхэзгъэщыщIэ, Сафарян Артур зэIущIищ иригъэкIуэкIати, зэман кIэщIым къриубыдэу и текIуэныгъэкIэ иухащ икIи Урысей спортымкIэ и мастерым и мардэр игъэзэщIащ.

ЕхьулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа спортсменхэр и гъэсэнщ «Дайдзи» спорт клубым. Тренерыр Къэрмокъуэ Амурбэчщ.

ТЫГЪУЭН Заз.

● БэнэкIэ хуит

Ди щIалэхэр токIуэ

Элиста щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал-лейтенант Городовиков Басан и фенлъу кьызэрагъэпэща зэпеуэм я зфIэкI щагъэлъэгъуащ спортсмени 150-м.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыщу абы хэта Шэджэм районым и сабий-щIалэгъуалэ спорт школым и гъэсэнхэм ехьулIэныгъэ зыIэрагъэхьащ. Къапщтэмэ, бжьыпэр яубыдащ Дэдэхъу Муратрэ (кг 74-рэ) ТекIуэн Азэмэтрэ (кг 84-рэ). Ещанэ увыпIэр килограмм 74-рэ хьуэм я деж къыщихьащ КIэрэф Феликс.

Кьалмыкым и кьалащхьэм къыщыхэжаныкIа щIалэхэр ягъэсащ тренерхэу Къуэныкъуэ Замирэ Хьубий Анатолэрэ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

Гуапагъэм и тхьэмахуэ

Малыжьхьым и 20-м къыщыщIэзгъаз и 27 пщIондэ Гуапагъэм и тхьэмахуэ ирагъэкIуэкIащ. Налшык къалэ округым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и управленэмрэ республикэм Лэжьыгъэмкlэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэмрэ я нэIэм щIэт унагъуэ хуэмыщIахэм ящIу сэнэкъэм папщIэ Iуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщащ.

● Гулъытэ

ныжьжьыщIэхэм я 11-м щыIащ, ерыскъыхэкIэр, зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр хуащащ. Лъакъуэрыгъажэ иIэным щIэхъуэпсэ Гобедашвили Даниил цыкIу зэрахуэзар гукъинэжт.

Шомарин Рустам илъэситхум щIигъуауэ тонджэгум зыхуеГасэ, футболист нэс хъуну хуейщ. Сортым екъулIэныгъэ щиIэну екъуэхъуэхури, зыщагъахэзэр щыпIэм зэрыкIуэну гъуэгупщIэр абы хуатащ. Пащенкэ Миланэ къыщалъхуар Гуапагъэм и тхьэмахуэм хуэзэати, ар хуагъэлъапIащ, тыгъэкIэр хуащIащ.

- Мы Iуэхугъуэхэр я щIыхьэтщ гуапагъэр цыхупсэм щыщ лъапIэныгъэ кIэухьишэу зэрыщытым, ар зэи зэрымыжьыхьэм икIи зэрымыкIуэщIым. Зыкъ зэрымыжьыхьэм дихьэйт ахэр кьыщIэпэщыным мылъкукIэ кьыхуэвахэм, - кьыхигъащащ управленэм сабийхэм якIэлъыплъыныжкIэ, кьащхьэщыжьмкIэ, балигъ мыхъуахэм ядолэжьэныжкIэ и къудамэм и унафэщI, Гуапагъэм и тхьэмахуэр зи жэрдэм Бэрдакъ Аминэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **ЖьэкIэмыхьу Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Щирдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныжьэ Замир, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и уэрам, 5, еблъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудамэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щиныжьэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэм Iуэхущ1апIэхэм я дэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пщыкIуэныгъэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудамэ Дышэкl Сонэ, редактору ЖылаСэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Алэмэт *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIныкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютерхэмI газетым и тепльэр ящIащ* Дол Мариие, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.121 ● Заказ №1158